

#### **SS.7.C.2.2**

*Evalye obligasyon sitwayen yo genyen pou obeyi lalwa, peye taks, defann peyi a, ak sèvi pou jiri.*

##### **Epitou Evalye**

**SS.7.C.2.3** - Eksperyans responsablite sitwayen yo nan nivo lokal la, eta a, oswa nivo federal la

**SS.7.C.2.14** - Fè yon pwojè sèvis pou kontinye ak byennèt publik la

**SS.7.C.2.2 Benchmark Clarification 1:** Elèv yo ap distenge ant yon obligasyon oswa devwa ak yon responsablite kòm sa gen rapò ak sitwayènte.

Gouvènman peyi Etazini rekonèt yon **sitwayen** kòm yon manm legal nan peyi a ki swa fèt oswa **ki naturalize** nan peyi Etazini. Ou se yon sitwayen Ameriken vle di ke gen **obligasyon** ak **responsablite** ke w dwe ranpli pou sipòte reprezantan demokrasi ak wòl apwopriye gouvènman an nan lavi nou.

Yon obligasyon se yon bagay ke lalwa oblige yon sitwayen pou l fè. Yon responsablite se yon bagay ke yon sitwayen ta dwe fè pou **byennèt komèn**. Anba la a se egzanp obligasyon ak responsablite yo:

<b>Obligasyon Sitwayen yo</b> <i>Yon aksyon ke lalwa egzije</i>	<b>Responsablite Sitwayen yo</b> <i>Yon aksyon ki benefisyè kominote a/pèp la</i>
Obeyi lwa yo	Vôte
Peye taks	Asiste reyinyon sivik
Defann peyi a	Petisyon gouvènman an
Enskri pou <b>selektif sèvis</b>	Kadida pou pòs
Sèvi pou jiri yo	Pèfòme sèvis kominotè

**Byennèt komèn** - kwayans oswa aksyon ke yo wè kòm yon benefis nan kominote a olye ke se enterè endividiyèl, yo konnen sa tou kòm byennèt publik la

**naturalize** - yon moun ki te ale atravè tout pwosesis pou yon imigran devni yon sitwayen

**obligasyon** - yon egijians, yon bagay yon moun dwe fè

**responsablite** - yon bagay yon moun ta dwe fè

**sèvis selektif** – yon sistèm kote ke gason ki gen 18 jiska 25 kan anrejistre avèk gouvènman Etazini an pou sèvis militè posib

**sitwayen** - yon manm legal nan yon eta ak/oswa nan yon peyi